Rezime PFEP Tit I

ED VENTURE CHARTER SCHOOL (2521)

Deklarasyon Misyon

1. Deklarasyon Misyon

Se misyon EdVenture Charter School pou konekte, kominike epi kolabore avèk elèv nou yo ak fanmi yo pou asire siksè chak elèv ki enskri nan EdVenture. Nou fè sa lè nou kominike nan lang fanmi an konprann pi fasil epi/oswa pi pito, lè nou selebre siksè elèv yo, epi lè nou bay sipò akademik ak emosyonèl ki nesesè.

Patisipasyon Pati Konsène yo

Non	Tit
Barbara Fitz	Direktris Egzekitif
Cassie Ruder	Direktris
Jason Becherer	Dwayen Konpòtman Elèv
Leah Levy	Kowòdonatè ESE
Dawn D'Amato	Prezidan Konsèy la
Linda Guzman	Ajan Lyezon Paran
Corine Bent	Kowòdonatè Sante Konpòtman

2. Ki pwosedi pou chwazi manm ki reprezante tout pati konsène yo? Dekri pwosesis pou eli manm yo.

Manm yo chwazi atravè imèl ak kontak pèsonèl, epi yo envite yo tou atravè bilten enfòmasyon, anons sou Facebook. Tout pati konsène ki patisipe nan reyinyon pati konsène yo enkli nan pwosesis la. Se menm bagay la pou reyinyon SAC yo, kote yo envite pati konsène yo ansanm pou yo patisipe egalego.

3. Kijan pati konsène yo pral patisipe nan devlope Plan Lekòl la (CNA/SWP/PFEP) ansanm? Enkli detay dat ak lè reyinyon yo.

Reyinyon CNA pèsonèl la te fèt an me 2026, epi Reyinyon Pati Konsène yo ak Konsèy Direktè yo (SAC) fèt chak trimès premye mèkredi mwa septanm, desanm, mas, ak jen.

4. Kijan pati konsène yo te bay opinyon yo sou kijan finansman Tit I pral sipòte patisipasyon paran ak fanmi? Enkli rezilta a.

Opinyon yo te bay vèbalman ak alekri. Pati konsène yo te deside fon Tit I pou patisipasyon paran ak fanmi yo pral itilize pou fòmasyon paran, materyèl siplemantè pou pwogram akademik la, ak kominikasyon pou ede paran aprann estrateji pou pi byen ede elèv yo angaje yo nan lekòl la, sa ki finalman mennen nan gradyasyon.

Non	Tit
Barbara Fitz	Direktris Egzekitif

Reyinyon Anyèl Paran

1. Ki dat, lè, ak kote reyèl Reyinyon Anyèl la?

11 septanm 2026, vityèlman epi anpèsòn nan Kafeterya EVCS, a midi.

2. Kijan w pral notifye paran, pwofesè, ak kominote a sou Reyinyon Anyèl la? Se pou w espesifik (sit entènèt lekòl la, afichaj, apèl telefòn, bilten, envitasyon, elatriye).

Notifikasyon/Envitasyon voye atravè imèl dirèk, pibliye nan aplikasyon an, ak sou Paj Facebook la.

3. Ki resous ki pral prepare pou Reyinyon Anyèl la? Fè lis materyèl oswa founiti ki nesesè pou òganize reyinyon an.

Envitasyon, ajanda, fèy siyati/siyati elektwonik, modèl anrejistreman, evalyasyon, prezantasyon PowerPoint, ak platfòm Zoom pou reyinyon vityèl la. Kopi Kontra Lekòl-Paran FY27 ak Plan Angajman Paran ak Fanmi FY27.

Fòmasyon Paran

• Non Fòmasyon an

Konprann Kondisyon Gradyasyon ak Planifikasyon Tranzisyon

Ki estrateji, konpetans, oswa pwogram espesifik paran yo pral aprann pou aplike ak pitit yo lakay yo?

Lè yo itilize Tracker Gradyasyon Elèv la, fanmi yo pral: - aprann ki kredi/kou yo egzije - aprann ki egzamen leta yo egzije - aprann lòt kondisyon leta a make - detèmine sa pitit mwen bezwen pou l gradye lekòl segondè - aprann ki opsyon apre segondè ki disponib

Dat Fòmasyon an

Oktòb 2026

• Non Fòmasyon an

Kijan prezans elèv yo afekte pèfòmans ak nòt yo.

Ki estrateji, konpetans, oswa pwogram espesifik paran yo pral aprann pou aplike ak pitit yo lakay yo?

Paran yo pral gen yon pi bon konpreyansyon sou kijan prezans elèv yo afekte pwogrè, nòt, ak gradyasyon.

Dat Fòmasyon an

Janvye 2027

Kominikasyon

• Deskripsyon

EVCS kominike ak fanmi yo atravè aplikasyon lekòl nou an chak trimès epi lè sa nesesè, avèk enfòmasyon alè sou pwogram Tit I yo, reyinyon yo, sa k ap pase nan lekòl la, anons enpòtan, ak lòt aktivite.

• Deskripsyon

Enfòmasyon sa a pataje nan reyinyon IEP yo ak rapò pwogrè objektif yo.

• Deskripsyon

Enfòmasyon sa a pataje nan reyinyon IEP a.

• Deskripsyon

Paran yo jwenn opòtinite pou patisipe nan pran desizyon pandan reyinyon IEP a. Epitou, pandan Reyinyon Pati Konsène yo ak Reyinyon Anyèl Tit I.

• Deskripsyon

Reyinyon yo toujou pwograme pou konvenyans paran an, otan lekòl la kapab. Reyinyon yo ka fèt nenpòt lè, soti bonè maten rive fen apremidi. Patisipasyon ofri pa telefòn, atravè videokonferans TEAMS, ak anpèsòn.

Aksesibilite

• Deskripsyon

Gen tradiktè disponib nan reyinyon yo pou nenpòt paran/fanmi ki gen konesans limite nan lang angle. Nou voye tou kominikasyon lakay yo nan plizyè lang, jan sa posib. Anplis, nou vize konekte manm pèsonèl ki pale lang natif fanmi an ak fanmi yo, pou yo ka resevwa sèvis ak sipò an tan reyèl lè yo vizite lekòl la.

• Deskripsyon

Amenajman fèt jan sa nesesè pou paran ak fanmi ki gen andikap, atravè pozisyon chèz, enstalasyon ki konfòm ak ADA, plas pakin pou moun ki andikape, entèprèt lang siy, ak tradiktè. Anplis, reyinyon yo fèt nan premye etaj la. Nou bay tou dokiman pou moun ki gen pwoblèm vizyèl ki ka pa wè byen ekran pwojektè yo. Yo bay plis espas nan reyinyon ak fòmasyon yo pou akomode chèz woulant. Yo itilize pwojeksyon odyo pandan reyinyon yo pou akomode moun ki gen pwoblèm tande.

• Deskripsyon

Nou bay referans ak jesyon ka pou fanmi ki angaje nan travay migran, pou yo ka pi byen patisipe nan fonksyon ak aktivite lekòl yo. Sa enkli reyinyon sou kanpis, apèl telefòn ak fanmi yo, ak swiv fanmi yo pandan tout ane a pou asire sipò kontinyèl. Nou travay avèk depatman migran distri a tou.

• Deskripsyon

Nou bay referans ak jesyon ka pou fanmi k ap fè eksperyans san kay, pou yo ka pi byen patisipe nan fonksyon ak aktivite lekòl yo. Sa enkli reyinyon sou kanpis, apèl telefòn ak fanmi yo, ak swiv fanmi yo pandan tout ane a pou asire sipò kontinyèl. Nou travay avèk depatman san kay/McKinney Vento distri a tou.